

**COMMONWEALTH OF MASSACHUSETTS  
EXECUTIVE OFFICE OF HEALTH AND HUMAN SERVICES  
ONE ASHBURTON PLACE, 11<sup>TH</sup> FLOOR  
BOSTON, MASSACHUSETTS 02108**

**KESYON E REPOSNS**

sou sa ki konsène

Avi sou opòtinite pou antre nan  
Komite konsiltatif manm MassHealth (MAC)  
Dokiman # : 25EHSPMMHMACNOO

Kesyon e repons pibliye: 26 septanm 2024

Dokiman sa a gen repons pou kesyon ki resevwa sou Avi sou opòtinite pou antre nan komite konsiltatif manm (Member Advisory Committee, MAC) MassHealth Biwo egzekitif sante e sèvis sosyal (Executive Office of Health and Human Services, EOHHHS) pibliye 15 out 2024. Repons yo te founi pou kesyon sa yo ki gen yon enterè jeneral e ki koresponn ak apliksyon pou antre nan MAC.

---

**Afilyasyon nan MAC**

K.1. Èske moun ki travay avèk manm MassHealth - pa egzanp, founisè ki travay nan sit swen medikal oubyen ki pòtpawòl nan òganizasyon ki baze nan kominate a - admisib pou yo antre nan MAC si yo pa manm MassHealth, oubyen edan familyal oubyen gadyen manm MassHealth?

R.1. Non. Pou yon moun admisib pou sèvi nan MAC, se pou li manm aktyèlman nan MassHealth, oubyen te manm nan MassHealth nan senk dènye lane yo oubyen yon gadyen oubyen edan familyal yon manm MassHealth.

Pou jwenn enfòmsyon sou admisiblite pou antre nan MAC, konsilte tanpri seksyon Avi sou opòtinite a ki nan "Manm MassHealth" la.

K.2. Èske moun ki travay pou lòt ajans gouvenmantal nan eta a, tankou Department of Public Health, admisib pou antre nan MAC si yo manm nan MassHealth, oubyen edan familyal oubyen gadyen manm MassHealth?

R.2. Wi. Tout moun ki satisfè kritè ki souliyen nan seksyon Avi sou opòtinite nan "Manm nan MAC" gendwa fè aplikasyon pou antre nan MAC. Konnen tanpri, anplwaye MassHealth pa admisib pou manm MAC.

## **Alokasyon e rekonesans pou manm MAC**

K.3. Èske moun ki seleksyone pou antre nan MAC ap resevwa peman?

R.3. Alokasyon e ranbousman pou frè deplasman ap disponib pou moun ki fè aplikasyon e ki seleksyone kòm manm MAC. Alokasyon yo ap \$50 pou chak reyinyon. Manm yo gendwa resevwa \$25 anplis pou travay preparasyon anvan reyinyon yo jan sa valab, sa gen ladan prepare e revize dokiman reyinyon yo, patisipe nan aktivite edikatif e oryantasyon MAC, e travay sou aktivite pou fè plan, lè sa valab.

Apasa, manm MAC yo gendwa chwazi pou yo pa resevwa yon alokasyon oubyen gendwa mande pou diminye montan alokasyon an.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou alokasyon e sou rekonesans, konsilte tanpri seksyon Avi sou opòtinite a sou "Alokasyon e rekonesans pou manm MAC".

K.4. Ki opsyon peman ki genyen pou moun ki seleksyone pou antre nan MAC e ki chwazi pou resevwa yon alokasyon?

R.4. Manm MAC ki deside resevwa yon alokasyon ka deside pou resevwa peman elektwonik an dirèk nan kont bankè yo oubyen pou resevwa yon chèk pa lapòs.

## **Angajman tan ki prevwa pou manm MAC**

K.5. Ki lè reyinyon MAC yo ap fèt?

R.5. MAC sipoze reyini apeprè sis fwa chak lane, ki vle di chak 2 mwa. Manm MAC yo gen pou yo patisipe nan tout reyinyon yo jan sa posib.

Pifò reyinyon MAC yo dwe pran apeprè dezèdtan. Kèk reyinyon gendwa egzije tan preparasyon siplemantè ant reyinyon yo.

Yon fwa seleksyon an fèt, MassHealth ap travay avèk manm MAC yo pou detèmine dat e lè egzak reyinyon yo. Manm MAC yo ap resevwa kalandriye MAC la alavans.

Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte tanpri seksyon Avi sou opòtinite sou "Angajmantan ki prevwa pou manm MAC".

## **Patisipe nan reyinyon MAC yo**

K.6. Ki kote reyinyon MAC yo ap fèt?

R.6. MassHealth ap travay avèk manm MAC yo pou detèmine si kèk reyinyon MAC gendwa fèt an pèsòn, e si se sa, adrès pou reyinyon sa yo. Manm MAC yo ap toujou gen chwa pou yo patisipe nan telefòn oubyen sou òdinatè (tèlke nan Zoom). Manm MAC yo ka deside kijan yo prefere patisipe nan reyinyon yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon, konsilte tanpri seksyon Avi sou opòtinite sou "Patisipe nan reyinyon MAC yo".

## **Pwosesis seleksyon MAC**

K.7. Èske moun ki seleksyone pou patisipe nan MAC dwe pou fè yon verifikasyon sou enfòmasyon ki nan dosye delenkan kriminèl (Criminal Offender Record Information, CORI)?

R.7. Non. Moun ki vle antre nan MAC pa bezwen fè yon verifikasyon CORI.